

## BAB I BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Kamekaran budaya Sunda dina kahirupan manusa henteu lepas tina paktor anu mangaruhanana, salah sahijina nya éta minat jeung kahayang masarakat kana karya sastra. Ieu hal patali jeung kalungguhan karya sastra salaku karya seni. Karya sastra téh mangupa krétivitas manusa pikeun méré kasenangan éstétis dina ngaprésiasi jeung nyiptakeunana.

Nurutkeun Isnéndés (2007: 17) karya sastra Sunda kabagi kana tilu bagian, nya éta prosa (wangun lancar), puisi (wangun ugeran) jeung drama (wangun guneman).

Dina puisi aya nu ngawujud carita jeung teu ngawujud carita. Puisi anu ngawujud carita nya éta pantun. Nu teu ngawujud carita di antarana mantra (asihana, singlar, asihana, jangjawokan, ajian), sisindiran (paparikan, rarakitan, wawangsalan), pupuh (dangding, guguritan), sajak, sarta kakawihan, sa'ir (sawér jeung pupujian).

Pupujian dina basa Sunda sok disebut nadoman. Pupujian hirup di lingkungan pasantrén jeung tempat ngaji anu aya hubunganana jeung ajaran-ajaran agama Islam. Ari gelarna, bareng jeung asup sarta sumebarna agama Islam di Jawa Barat, kira-kira dina taun 1580, sabada Karajaan Pajajaran runtag, terus takluk ku karajaan Islam (Koswara, 2010:79).

Nurutkeun Rosidi (2010: 90) puisi pupujian téh sumebarna sacara lisan, diarapalkeun ku santri-santri atawa ahli masjid nu ngagambarkeun ayana silaturahmi di antara para ahli masjid jeung santri-santri ti rupa-rupa pasantrén.

Dina hirup kumbuhna, pupujian mangrupa bagian tina sastra daérah anu kudu dimumulé, sabab éta téh salah sahiji titinggal budaya karuhun pikeun ngajembaran kabudayaan nasional. Ieu hal luyu jeung UUD 1945 pasal 32 yén: *“kebudayaan bangsa ialah kebudayaan yang timbul sebagai buah usaha budi rakyat Indonesia seluruhnya. Kebudayaan lama dan asli, yang terdapat sebagai puncak-puncak kebudayaan bangsa”*.

Salah sahiji tarékah pikeun ngariksa budaya daérah pangpangna nu mangrupa sastra lisan nya éta kucara diayakeun panalungtikan kana éta karya sastra, contona panalungtikan ngeunaan pupujian anu aya di Pasantrén Syafi'iyah Al-Falah, Désa Mekarjaya, Kecamatan Bungbulang, Kabupatén Garut pikeun bahan panagjaran ngaregepkeun pupujian di SMP.

Pupujian-pupujian anu aya di Pasantrén Syafi'iyah Al-Falah Désa Mekarjaya, Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut, kawilang alus upama dikumpulkeun jeung dianalisis, sarta méré ajén kana kalungguhanana, sabab pupujian téh mangrupa budaya titinggal karuhun Sunda anu luhur ajéna. Pupujian téh mangrupa budaya Sunda nu euyeb pisan ku bahan lenyepaneun, patali jeung kahirupan manusa boh mangsa ayeuna boh mangsa nu bakal kasorang. Contona pupujian ngeunaan ibadah, cilaka jalma anu ngagugu kana hawa napsuna, maot dina kayaan *khusnul khotimah* (alus panungtungan), jeung maot dina kayaan *su'ul khotimah* (goréng panungtung).

Pupujian nu ditalungtik di Pasantrén Syafi'iyah Al-Falah téh nya éta pupujian anu masih kénéh dinadomkeun ku barudak santri di pasantrén jeung jamaah masjid. Eusina mangrupa pépéling muji kaagungan Pangéran, solawat ka Rosululloh, du'a jeung tobat ka Alloh, ménta sapaat ka Rosululloh, sarta pupujian ngeunaan ajaran agama.

Aya sababaraha panalungtikan nu geus ngabahas ngeunaan pupujian, di antarana nu kungsi ditalungtik ku M. Sirojul Munir (2004) judulna “*Analisis Puisi Pupujian di Kampung Ciodéng Désa Andir Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung*”, Rini Marlina (2000) anu judulna “*Pupujian di Désa Cibarégbég Kacamatan Cibeber Kabupatén Cianjur pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Puisi Sekolah Lanjutan Tingkat Pertama*”, jeung Dédy Hérmawan (2000) “*Analisis Pupujian di Kampung Lusian Désa Sukapada Kacamatan Pagerageung Kabupatén Tasikmalaya*”.

Dina SKKD basa Sunda kelas tujuh, aya kompetensi dasar ngaregepkeun puisi pupujian. Upama dipatalikeun ieu panalungtikan jeung SKKD, tangtu raket patalina. Hartina, pupujian anu ditalungtik bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMP.

**Abdurahman Wahid, 2014**

***Pupujian Di Pasantrén Syafi'iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun Di Smp***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana éta hal, prakprakan ieu panalungtikan museurkeun panitén kana puisi pupujian. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijudulan “*Pupujian di Pasantrén Syafi’iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun Di SMP*”.

## **1.2 Idéntifikasi Jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kasang tukang di luhur, karya sastra Sunda téh kacida réa jeung jembarna. Pupujian minangka salah sahiji bagian tina karya sastra anu perlu ditalungtik. Ieu di handap mangrupa masalah nu diidéntifikasi tina kasang tukang di luhur.

- 1) Déskripsi kaayaan pupujian di Pasantrén Syafi’iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut;
- 2) Inventaris pupujian di Pasantrén Syafi’iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut;
- 3) Analisis pupujian di Pasantrén Syafi’iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut dumasar kana wangun, eusi, harti, jeung fungsi;
- 4) Wangun bahan pangajaran tina pupujian nu aya di Pasantrén Syafi’iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Luyu jeung kasang tukang anu geus dipérelékeun di luhur, masalah anu rék dipedar dirumuskeun dina wangun patalékan ieu di handap:

- 1) Kumaha kaayaan pupujian di Pasantrén Syafi’iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut?
- 2) Pupujian naon waé nu kapanggih di Pasantrén Syafi’iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut?
- 3) Kumaha wangun, eusi, harti, jeung fungsi pupujian nu aya di Pasantrén Syafi’iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut?

- 4) Kumaha wangun bahan pangajaran tina pupujian nu aya di Pasantrén Syafi'iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut?

## 1.2 Tujuan Panalungtikan

Unggal kagiatan panalungtikan miboga tujuan nu jadi udagan bisa kahontal. Tujuan dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Ngadéskripsikeun kaayaan pupujian nu aya di Pasantrén Syafi'iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut;
- 2) Ngainvéntaris pupujian nu aya di Pasantrén Syafi'iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut;
- 3) Nganalisis wangun, eusi, harti, jeung fungsi pupujian nu aya di Pasantrén Syafi'iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut; jeung
- 4) Nyieun wangun bahan pangajaran tina pupujian nu aya di Pasantrén Syafi'iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat nu dipiharep tina ieu panalungtikan téh bisa méré mangpaat hususna pikeun anu nulis, umuma pikeun pihak séjén di antarana baé:

- 1) Pikeun nu nalungtik, nambahan élmu pangaweruh ngeunaan pupujian nu aya di Pasantrén Syafi'iyah Al-Falah;
- 2) Pikeun siswa, bisa mikanyaho pupujian nu aya di Pasantrén Syafi'iyah Al-Falah upama diajar pupujian di sakola;
- 3) Pikeun guru, bisa dijadikeun bahan pangajaran pupujian di sakola SMP; jeung
- 4) Dipiharep tina ieu panalungtikan, bisa ngeuyeuban kana *khazanah* budaya bangsa, hususna ngeunaan budaya Sunda.

## 1.5 Sitematika Panulisan Skripsi

- BAB I** : Bubuka, medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangfaat panalungtikan, jeung sistematika panulisan skripsi.
- BAB II** : Dasar-dasar tiori, medar ngeunaan wangenan sasatra, wangun karya sasatra, wangenan pupujian, wangenan pupujian, sejarah kamekaran pupujian, fungsi pupujian, papasingan pupujian dumasar kana (wangun, eusi, harti, jeung fungsi), purwakanti pupujian, bahan pangajaran, jeung nuyusun bahan pangajaran.
- BAB III** : Métodologi panalungtikan, medar ngeunaan déskripsi wewengkon, populasi jeung sampel, métode jeung téhnik panalungtikan, tahap ngumpulkeun data, tahap ngolah data, jeung tahap nyusun laporan.
- BAB IV** : Medar ngeunaan hasil analisis pupujian di Pasantrén Syafi'iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut, nu ngawengku hasil analisis data, daftar tabél hasil analisis, jeung bahan pangajaran ngaregepkeun.
- BAB V** : Panutup, nu ngawengku kacindekanjeung saran.

#### **DAFTAR PUSTAKA**

#### **LAMPIRAN-LAMPIRAN**